# Ministrler Ken’esi

**«QARAQALPAG'ISTAN RESPUBLIKASI MINISTRLER KEN'ESI HAQQINDA» QARAQALPAG'ISTAN RESPUBLIKASI NIZAMI(TAZA REDAKTSIYADA)**

**I-BO'LIM. ULI'WMA REJELER**

**1-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esi – Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Hu'kimeti.
Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esi – Qaraqalpaqstan Respublikasi' Hu'kimeti-ekonomikani'n', socialli'q ha'm ruwxi'y salani'n' na'tiyjeli islewine basshi'li'q yetiwshi, Wo'zbekstan Respublikasi' ni'zamlari'ni'n' ha'm Wo'zbekstan Respublikasi' Woliy Majlisi Palatalari' sheshimlerinin', Wo'zbekstan Respublikasi' Prezidenti pa'rmanlari'ni'n', qararlari'ni'n' ha'm biyliklerinin', Wo'zbekstan Respublikasi' Ministrler Kabinetinin' qararlari'ni'n' ha'm biyliklerinin', Qaraqalpaqstan Respublikasi' ni'zamlari'ni'n' ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi' Joqarg'i' Ken'esinin' ha'm woni'n' Prezidiumi'ni'n' qararlari'n, basqa da sheshimlerinin' wori'nlani'wi'n ta'miyinleytug'i'n Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' ma'mleketlik ha'kimiyati'ni'n' joqari' atqari'wshi'-basqari'wshi' uyi'mi' boli'p tabi'ladi'.
Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esi ma'mleketlik basqari'w uyi'mlari' ha'm wo'zi du'zgen xojali'q basqari'w uyi'mlari' sistemasi'n, sonday-aq respublikani'n' aymag'i'nda jaylasqan Wo'zbekstan Respublikasi'na bag'i'ni'wshi' sho'lkemlerdi basqaradi' ha'm wolardi'n' wo'z-ara baylani'sli' jumi'slari'n ta'miyinleydi.
Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esi Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' Konstituciyasi'na ha'm usi' Ni'zamg'a muwapi'q wo'z wa'killiklerine kiretug'i'n, Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' qarap shi'g'i'wi'na tiyisli ma'mleketlik ha'm xojali'q basqari'w ma'selelerin sheshiwge haqi'li'.
Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esi ni'zam shi'g'ari'w baslamasi' huqi'qi'na iye.

**2-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esi jumi'si'ni'n' tiykarg'i' principleri.
Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esi wo'z jumi'si'nda kollegialli'q, demokratiya ha'm ni'zamli'li'q, Qaraqalpaqstan Respublikasi'nda jasaytug'i'n barli'q milletlerdin' ma'plerin yesapqa ali'w principlerin basshi'li'qqa aladi'.

**3-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' ja'miyetlik birlespeler menen wo'z-ara qatnasi'qlari'.
Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esi wo'zinin' wa'killigine kiretug'i'n ma'seleler boyi'nsha ja'miyetlik birlespeler menen wo'z-ara baylani'sli' ha'reket yetedi ha'm wolarg'a ha'rekettegi ni'zamlarg'a muwapi'q za'ru'rli ja'rdem ko'rsetedi.

**4-statya.** Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' diniy sho'lkemler menen qatnasi'qlari'.
Qaraqalpaqstan Respublikasi' Ministrler Ken'esinin' diniy sho'lkemler menen wo'z-ara qatnasi'qlari' Wo'zbekstan Respublikasi'ni'n' ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasi'ni'n' hu'jdan yerkinligi ha'm diniy sho'lkemler haqqi'ndag'i' ni'zamlari' menen belgilenedi.

**Qoraqalpogiston Respublikasi Vazirlar Kengashi boshqaruv apparatining**

**TUZILMASI**




**Жәми- 60 штат бирлиги**

*Ko'rip shi'g'i'ldi':*

Izlew

- Ministrler Ken'esi
- Statistikaliq ha'm analitikaliq ma'gliwmatlar
- Ministrlikler ha'm vedomstvolar
- Qala ha'm rayon ha'kimlikleri
- Hu'jjetler
- Respublika miymanlarina
- Elektron hu'kimet
- Interaktiv ma'mleketlik xi'zmetler